

A Mwanakomana waDhavhidha:

❖ Mambo wedu.

- Mwari akvimbisa Dhavidha kuti Mambo aizomuka kudzinza rake aizotonga nyika uye oidzikinura kubva kusimba remuvengi (2 Samueri 7:16; Ruka 1:31-32; Zvakazarurwa 5:5).
- Ndiani akazviita, zvichienderana naVaHebhuru? (VaHebhuru 1:5-8, 13)
 - (1) Mwari akagadza Jesu soMwanakomana wake (v. 5)
 - (2) Akasuma Jesu mudare rekudenga (v. 6-8)
 - (3) Akamugadza pachigaro choushe akamupa simba (v. 13)

❖ Mumiriri wedu.

- Mwari akatora Isiraeri sevana vake. Akavavimbisa kuti Aizogara navo, uye kuti Aizovapa zororo kubva kuvavengi vavo (Ekisodho 4:22; 29:45; Deuteronomio 25:19). Ivowo vaifanira kuzova vakatendeka (Deuteronomio 31:12).
- Pashure penguva yakati, zvikipirwa izvozvo zvakaendeswa kudzinza raDhavhidhi (2Samueri 7:12-13). Pamusoro pazvo, zvakanga zviru nyore kuti munhu mumwe chete ave akatendeka pane rudzi rwose. Naizvozvo, mambo aimiririra vanhu. Zvisinei, hapana wedzinza raDavidi akanga akatendeka zvakaakwana (vamwe vavo vakanga vakaipa chaizvo!).
- Jesu akanga akatendeka zvakaakwana (VaHebhuru 3:6). Ndiko kusaka Jesu ari mumiriri wedu. Zvipikirwa zvakaikwa naMwari kuvanhu Vake zvakaadzika kubudikidza naJesu. Maropafadzo aMwari anoyerera nemaAri.

❖ Shasha yedu.

- VaHebhuru inozivisa Jesu semudziviriri wedu, shasha inotirwira (VaHebhuru 2:16).
- SaDhavhidha achirwa naGoriati, Jesu akarwa naSatani panzvimbo yedu (1Samueri. 17:8-9). Akatora zvombo, akarwa nemuvengi, uye akakunda hondo (Isaya 59:17; 42:13; Zvakazarurwa 12:7-9).
- Isu tiri chikamu cheuto rake (Kereke). Tinotorawo nhumbi dzokurwa nadzo uye tinorwa pamwe chete nehama nehanzvadzi dzedu. Ndiye Murwi wedu achatitungamirira muhondo dzinouya (VaEfeso 6:11; Zvakazarurwa 12:11).

B Mupirisita unorudzi naMerkisedeki:

❖ Mupirisita wedu mukuru.

- Vapirista velsiraeri vaiita sei?
 - (1) Vakanga vari varevereri pakati paMwari nevanhu (Numeri 18:22-23)
 - (2) Vaipa zvibayiro kuti varegererwe uye vacheneswe (Revhitiko 1:5; 14:31)
 - (3) Vaidzidzisa mutemo waMwari (Revhitiko 10:11)
 - (4) Vairopafadza vamwe muzita raMwari (Numeri 6:23-27)
- Jesu akatora basa iri apo Mwari vakamugadza (pasi pemhiko) Mupristi maererano nerudzi rwaMerkisedeki (VaHebhuru 7:21).
- Saka hatichadi vapirista vepanyika kuti vatireverere. Kune rimwe divi, TOSE tiri vashandi vaJesu. Tiri “upristi hwoumambo,” hunopiwa sezvibayiro zvokurumbidza kuna Mwari (1 Petro 2:9; VaHebhuru 13:15).

❖ Muyanansi wedu muSungano Itsva.

- Maererano naVaHebhuru, nei sungano itsva iri nani pane yekare?

Sungano yakare

Senjuwari yepanyika[mumvuri] (8:5)

Yakavambwa neropa remhuka (9:19-20)

Zvibayiro zvaisakwanisa (10:1)

Zvibayiro zvizhinji (10:11)

Vapisita vanofa (7:23)

Vapisita vane vutera (7:28)

Sungano itsva

Senjuwari yekudenga[chaiyo] (8:2)

Yakavambwa neropa raKristu (9:12)

Chibayiro chinotikwanisa (9:14)

Chibayiro chimwe chete (9:26)

Mupirisita anogara nokusingaperi (7:24)

Mupirisita mutsvene,usine chakaipa kana kusvipa (7:26)